Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого хур.
Инхоса ГIали-ХIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 27 (6963) 29 июль 2025 с. Талат Сафар 1447 с. Багьа - эркенаб

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ СУАЛАЛ

# ВатIан цIунулезул хъизамалгун дандчIвай

### Лъим бачин, ракIалдещвеялъул тадбирал гIуцIи...

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас араб анкьалъ къабул гьаруна Донбасс неофашистаздаса цIунулаго СВОялъул мухъалдаса тIадвуссинчIев ТIад Инхоса АхIмад МухIамадовасул лъади ва вас.**

МухIамадовасул лъади Пайнусат ГIалиасхIабовалъ ва гьелъул вас Аслудиница гьезул гIагараб росулъ АхIмад МухIамадов ракIалдещвеялъул тадбирал гIуцIиялъул бицен гьабуна. Гъалиповас баян гьабуна ВатIаналъе гIоло рухI кьурав бахIарчиясул хIурматалда, гьес гIумру гьабураб минаялда ракIалдещвеялъул хъарщи чIваялъул хIалтIаби нухдаинаризе рукIин. Гьединго гьеб данделъиялда халгъабуна Дагъистаналъул адабияталъе кьучI лъуразул цояв, Инхоса классик, гIалимчи, пикручи ва философ ГIали-ХIажияс 180 сон баялъул хIурматалда тадбирал тIоритIиялъулги. Гьесул наслуялъул чIужу ккола Пайнусат. Абизе ккола, классикасул юбилеялда хурхун тадбирал гьаб сон ахиралде щвезегIан тIоритIизе руго Дагъистаналда.





ГIадамал къабул гьариялда гьединго гIахьаллъана «Цогояб Россия» политикияб партиялъул Гумбеталда бугеб отделениялъул жавабияв секретарь Шамсудин Шамсудинов, муниципалитеталъул администрациялъул вакил ХIайбула ГIабдурахIманов ва цогидал.

Араб анкьалъ районалъул бетIер гьединго дандчIвана «БахIарчилъиялъухъ» ва цогидал шапакъатазе мустахIикъльарав СВОялъул рагъухъан, взводалъул командир, Килалъа ХIажимухIамад Шапиевгун. ХIухьбахьиялда рокьов вуго гьев.



Гьес кIвар буссинабуна жиндирго гIагараб росу социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIезабиялъул, росдал гIадамал гьекъолеб лъедалъун хьезариялъул ва цоги чара гьечIого тIуразе хIажатал суалаздехун. Гъалиповас абуна ХIажимухIамадица рорхарал суалал тIуразе квербакъизе бугин. Килалъ росулъе лъим бачине гIарац биччан букIиналъулги бицана муниципалитеталъул нухмалъулес.

Шапиевасда цадахъго данделъиялде рачIана гьесул лъади, Килалъ росдал КДЦялъул директор Зайнаб Зайирбековаги, килдерил библиотекаялъул нухмалъулей Сайма Запироваги. Шапиев хIалтIулев вукIана КДЦялъул директорлъун, хасаб рагъулаб операция байбихьидал, ана СВОялъул мухъалде. Гьеб хъулухъалда хIалтIулей йиго гьесул лъади. ГIолев вуго ХIажимухIамадил вас ХIисматулаги.

Гъалип Гъалиповас ирградулаб нухалъ ракIалде щвезабуна Россиялъул интересал цIунулел рагъухъабазул ва гьезул хъизамазул суалал тIураялде нахъеги кIвар буссинабизе букIин.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



**Шималияб Кавказалъул халкъазул гьудуллъиялъул институталде сапар бухьана**
- 2 гьум.



**ЧIикь: лъедеялъул турнир тIобитIана**
- 2 гьум.



**Зубайдат Жамалудинова – юридикиял гIелмабазул кандидат**
- 2 гьум.



**Самера Юсуповалъул чIел**
- 2 гьум.

ЛЪАЙ – ХАЗИНА

# Шималияб Кавказалъул халкъазул гьудуллъиялъул институталде сапар бухьана

## Бакълъулазул гIолилал къабул гьари дандбана

**Гумбет районалъул бетIер Гъалип Гъалипов щвана Шималияб Кавказалъул халкъазул гьудуллъиялъул институталде ва гьеб вузалъул**





**ректор Тавлу Казакбиевасул-гун дандбана гьеб цIалул идараялде Бакълъул мухъалдаса абитуриентал къабул гьариялъул суалал.**

Гъалиповасул сапаралда цадахъ вукIана Гумбет районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нухмалъулев ХIассан ГIалихIажиевги. Гьединго университеталда тIобитIараб дандчIваялда гIахьаллъана МахIачхъалаялъул «49 гьоркьохъеб школа» МБОУялъул директор, кверзул рагъул рахъалъ дунялалъул чемпион, ДРялъул лъайкьеялъул цевехъан ГIабдулкарим Айгунов ва цогидалги.

Тавлу Казакбиевас Гъалип Гъалиповада рихьизаруна гьанже заманалъул алатаздалъун хьезарурал институталъул кабинетал. Университеталда гIуцIун руго студентазе дарсал кьезе ва тIадегIанаб махщел бугел специалистал хIадуризе санагIатал шартIал.

**«Гумбет» информациялъулаб гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# ЧIикь: лъедеялъул турнир тIобитIана

## Жидерго махщел ва къвакIи бихьизабуна батIи-батIиял ригьалъул бакълъулаз

**СайгидахIмад МухIамадов ракIалдещвеялъул лъедеялъул турнир тIобитIана араб анкьалъ ЧIикь росулъ. Гьеніб жидерго махщел ва къвакIи бихьизабуна батIи-батIияб ригьалъул бакълъулаз.**

10 сон барал гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана МухIамад Каримулаевас, кIиабилеб бакI щвана ХIабиб МухIамадовасе, лъабабилеб бакIалде вачIана ГIали ГIалиасхIабов. 11 сон барал гIолилазул категориялда бергьенлъи босана ГIали Абакаровас, кIиабилеб бакIалде вачIана СагIид МухIамадов, лъабабилеб бакI щвана Гъайирби МухIамадовасе.

12 сон баразда гьоркьоб бакIал рикьана гьадин: СагIид Каримулаев вачIана тIоцебесеб бакIалде; Иляс Манаповасе щвана кIиабилеб бакI; Шамил СайгитIагьаевасе щвана мазгарул медаль. Гьединго турниралда бергьенлъи босана: Паздодин ХIайдаровас (13 сон), ГIабдула Халидовас (14 сон), Шамил МухIамадовас (15 сон).

Спортивияб тадбиралъул спонсораллъун рукIана Исуб Насрулаев ва Рустам МухIамадов. Бакълъулазул нухмалъулев Гъалип Гъалиповас баркана киналго бергьаразда ва призеразда, гьарана хадубккунги гIумруялъулги спортальулъги бергьенлъаби.

Гьединго турниралда баркалаялъул кагътал кьуна ЧIикь росу, районалда спорт цебетIезабизе хIаракат бахъулел сахаватчагIазеги. Гьедин, шапакъатазе мустахIикълъана Исуб Насрулаев, МухIамад ХIажикулаев, ХIизбула Сайпудинов, Каримула Каримулаев.

«РакI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго районалда спорт цебетIезабиялъулъ нужеца лъураб бутIаялъухъ. Нижеца кIудияб къимат кьола спортивиял къецал ва цогидал социалияб кIвар бугел тадбирал гIуцIиялъулъ ва тIоритIиялъулъ гьабулеб нужер хIалтIуе.

ГIагараб росу, район цебетIезабизе бугеб гьираялъухъ, бахъулеб хIаракаталъухъ ракI-ракIалъулаб баркала буго! Гьарула гIумрудул щибаб рахьалъан битIккей, сундулъго икъбал», - ян хьван буго баркалаялъул кагътида.



**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

# Зубайдат Жамалудинова – юридикиял гIелмабазул кандидат

## Бергьенлъаби цIикIкIаги

**Чачаназул пачалихъияб университеталда кандидатлъиялъулаб диссертация бергьенлъиялда цIунана Гумбет**



**районалъул Аргъвани росулъа Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул юридикияб институталъул пачалихъалъул ва правоялъул теориялъул кафедраялъул мугIалим Зубайдат Жамалудиноваль.**

«Обычное право народов Дагестана в XVII-XIX веках. Источники и институты» абураб темаялда тIасан диссертация цIунулаго, гьелъие кьуна юридикиял гIелмабазул кандидат абураб цIар.

Зубайдатица лъикIал кьиматазда лъугIизабуна «Дагъистаналъул пачалихъияб университет». ТIадегIанаб лъай кьеялъул ФГО-ялъул 40.03.01 Юриспруденция ругьун гьабиялъул рахьалъ «Бакалавр» абураб квалификацияги щвана 2017-абилеб соналъ. 2019-абилеб соналда гьелъ тIадегIанаб даражаялда лъугIизабуна «Дагъистаналъул пачалихъияб университет» тIадегIанаб лъай кьеялъул ФГБУялъул 40.04.01 Юриспруденция ругьун гьабиялъул рахьалъ, щвана «Магистр» абураб цIар.

Диссертациялда тIад хIалтIулеб заманалда Жамалудинова цIалана «Дагъистаналъул пачалихъияб университет» абураб тIадегIанаб лъай кьеялъул ФГБУялъул аспирантураялдаялъул 40.06.01 Юриспруденциялда, «Теоретикиял ва тарихиял юридикиял гIелмаби» абураб лъай кьеялъул профилалда щвана «Преподаватель. Преподаватель-исследователь» абураб цIар.

Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Зубайдатида гIелмияб цIар щвей, гьарана гьелъие нахъккунги чIахIиял бергьенлъаби ва сундулъго битIккей.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

БАКЪЛЪУЛАЛ ВА СПОРТ

# Самера Юсуповалъул чIел

## Иргадулаб нухалъ бакълъулазул цIар борхатго ккуна

**Чебоксар шагьаралъул «Олимпийский» стадионалда канлъи дагьал спортсменазда гьоркьоб тIадагьаб атлетикаялъул рахьалъ Россиялъул чемпионат тIобитIана. Гьенир гIахьаллъаразда гьорлъ йикIана Гумбет районалъул ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул физкультураялъул мугIалим Самера Юсуповаги.**



ХIалуцараб къецалдаса хадуб Самера Юсуповалъ тIоцебесеб бакI босана кьвагьдеялъул рахьалъ, гьей яхана Россиялъул чемпионкалъун. Гьединго Юсуповалъ чемпионаталда лъикIал хIасилал рихьизаруна диск ва гамачI рехиялъулъ. Гьел дисциплинабазда гьелъ ккуна лъабабилеб бакI. Къецазул хIасилазда рекъон, гьелъие кьуна меседил ва мазгарул медалал ва грамотаби.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана Самерада чемпионаталда бергьенлъи боси. Гьес гьелъие гьарана сахлъи, гIумруялъулъ бергьенлъаби, лъикIлъи ва кинабго лъикIабщинаб.

**Макка МухIамадова**

РИТМ ГУМБЕТА

## Температурные коэффициенты 2-е полугодие 2025

**Приказ Федерального агентства по техническому регулированию и метрологии от 23.05.2025г. № 1006 «Об утверждении температурных коэффициентов (коэффициентов приведения к стандартным условиям) на 2 пол. 2025г.», зарегистрированные Минюстом РФ №82889 от 11.06.2025г**

| Месяц | Высота до 175 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | Высота 175 - 400 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | Высота 400 - 600 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | | Высота 600 - 800 м над уровнем моря Значения коэффициентов |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | 0,98 | 7 | 0,97 | 7 | 0,95 | 7 | | 0,93 |
| 8 | 0,98 | 8 | 0,97 | 8 | 0,95 | 8 | | 0,93 |
| 9 | 1,01 | 9 | 0,99 | 9 | 0,97 | 9 | | 0,95 |
| 10 | 1,04 | 10 | 1,01 | 10 | 1,00 | 10 | | 0,97 |
| 11 | 1,07 | 11 | 1,04 | 11 | 1,01 | 11 | | 0,99 |
| 12 | 1,08 | 12 | 1,05 | 12 | 1,02 | 12 | | 1,00 |

| Месяц | Высота 800 - 1000 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | Высота 1000 - 1200 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | Высота 1200 - 1400 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | Высота 1400 - 1600 м над уровнем моря Значения коэффициентов |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7 | 0,92 | 7 | 0,90 | 7 | 0,88 | 7 | 0,86 |
| 8 | 0,92 | 8 | 0,90 | 8 | 0,88 | 8 | 0,86 |
| 9 | 0,93 | 9 | 0,91 | 9 | 0,90 | 9 | 0,87 |
| 10 | 0,95 | 10 | 0,93 | 10 | 0,92 | 10 | 0,90 |
| 11 | 0,97 | 11 | 0,95 | 11 | 0,93 | 11 | 0,91 |
| 12 | 0,98 | 12 | 0,97 | 12 | 0,95 | 12 | 0,92 |

| Месяц | Высота 1600 - 1800 м над уровнем моря Значения коэффициентов | Месяц | Высота 1800 - 2000 м над уровнем моря Значения коэффициентов |
|---|---|---|---|
| 7 | 0,84 | 7 | 0,83 |
| 8 | 0,84 | 8 | 0,83 |
| 9 | 0,86 | 9 | 0,84 |
| 10 | 0,88 | 10 | 0,86 |
| 11 | 0,89 | 11 | 0,87 |
| 12 | 0,90 | 12 | 0,88 |

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

## В Гумбете благоустроили участок автодороги, ведущей к Саду памяти погибших участников СВО

**В селе Мехельта Гумбетовского района завершили работы по ремонту участка автомобильной дороги, которая ведёт к Саду памяти погибших участников СВО.**



Глава АСП «Сельсовет "Мехельтинский"» Магомед Абдунасиров сообщил, что завершено бетонирование внутрисельской автодороги площадью 720 кв. м., пролегающей по улице Школьная около Сада памяти.

Абдунасиров поблагодарил представителей Гумбетовского филиала АО «РСУ» («Ремонтно-строительный участок») Малачи Сурхаева и Салима Магомедова за оказанную помощь и поддержку при благоустройстве данного участка автодороги.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Учащиеся Чиркатинской школы принимают активное участие в мероприятиях района

**Учащиеся 11-го класса Чиркатинской средней школы Гумбетовского района принимают деятельное участие в мероприятиях родного края.**

Они встретили Председателя Правительства РД Абдулмуслима Абдулмуслимова, министра экономики РД Гаджи Султанова и других гостей района яркими художественными номерами в этническом стиле.

Также одиннадцатиклассники Чиркатинской СОШ станцевали национальный танец в рамках слёта отличников учебы Гумбетовского района, который состоялся во дворе Цанатлинской основной школы, в сосновом лесу. Участие творческой группы данного учреждения образования украшает мероприятия Гумбета. Художественным руководителем данного класса является учитель аварского языка и литературы, классрук Алписат Магомедова.

**РИО «Гумбет»**

РИТМ ГУМБЕТА

## Решай свои и проблемы своего населённого с помощью Платформы обратной связи от Госуслуг

**Яма на дороге, не убранный мусор, не работающий светофор, проблемы с записью к врачу оставляйте эти** национального проекта «Цифровая экономика» по поручению Президента России Владимира Путина.




**и многие другие вопросы на Платформе обратной связи, и они будут оперативно переданы в ответственные органы.**

Платформа обратной связи создана в рамках федерального проекта «Цифровое государственное управление»

Не откладывайте решение проблем на завтра, переходите по ссылке: https://pos.gosuslugi.ru/landing/?utm_source=informing&utm_medium=smi&utm_campaign=v4

**РИО «Гумбет»**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

## Налоги с переводов между людьми — что на самом деле происходит?

**С начала июня в интернете всплывают тревожные сообщения: «Теперь все переводы между физлицами облагаются налогом!»** слеживают аномальные операции и могут передавать информацию в налоговую.




Это неправда. Да, с 1 июня 2025 года вступили в силу изменения в закон № 115-ФЗ. Росфинмониторинг теперь может приостанавливать подозрительные финансовые операции (в том числе переводы, пополнения, операции по кошелькам) на срок до 10 дней — без решения суда. Это сделано для борьбы с мошенничеством и теневыми схемами.

**Но важно понимать:**

Обычные переводы между людьми налогами не облагаются.

Банки действительно отслеживают аномальные операции и могут передавать информацию в налоговую.

Налоговая не смотрит каждый перевод, а действует только по результатам проверки, если есть признаки получения незадекларированного дохода.

Если вы перевели деньги родственнику или другу — ничего декларировать не нужно. Но если деньги пришли за аренду, услуги или продажу — это уже доход. Его нужно отразить в декларации и уплатить налог.

УФНС России по Республике Дагестан напоминает: не стоит бояться обычных переводов, но важно честно оформлять доходы, если вы их получаете.

**УФНС России по Республике Дагестан**

ДОКУМЕНТЫ

# Администрация муниципального района «Гумбетовский район»

**«Об образовании избирательных участков на территории МР «Гумбетовский район»**

**22.07.2025 г. с. Мехельта № 118**

**На основании постановления Избирательной комиссии Республики Дагестан от 26 декабря 2024 года «О единой нумерации избирательных участков на территории Республики Дагестан» в соответствии с пунктом 2.1 статьи 19 Федерального закона № 67-ФЗ «Об основных гарантиях избирательных прав и права на участие в референдуме граждан Российской Федерации» администрация МР «Гумбетовский район» по согласованию с территориальной избирательной комиссией Гумбетовского района**

**Постановляет:**

В целях проведения голосования и подсчета голосов избирателей, участников референдума образовать избирательные участки, участки референдума на территории МР «Гумбетовский район» согласно приложению, к настоящему постановлению.

Установить, что избирательные участки являются едиными для всех выборов, проводимых на территории МР «Гумбетовский район», а в случае назначения референдума Республики Дагестан, местного референдума они являются также участками референдума.

Признать утратившим силу Постановление администрации МР «Гумбетовский район» от 10.01.2025г. № 01 «Об образовании избирательных участков на территории МР «Гумбетовский район».

Направить настоящее постановление в территориальную избирательную комиссию Гумбетовского района.

5.Опубликовать настоящее постановление в газете Гумбет и разместить на официальном сайте МР «Гумбетовский район» в информационно- телекоммуникационной сети «Интернет».

6. Контроль за исполнением настоящего постановления оставляю за собой.

**Глава**
**МР «Гумбетовский район»**
**Г. И. Галипов**

СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН

# Запрет на продажу безалкогольных напитков (энергетиков)

**С 1 марта 2025 года в России действует Федеральный закон, запрещающий продажу безалкогольных тонизирующих напитков, включая энергетические, несовершеннолетним.**



Регионы также могут вводить дополнительные ограничения на время и место продажи таких напитков. Обязанность проверки возраста: продавцы обязаны требовать документ, удостоверяющий личность, если у них есть сомнения в возрасте покупателя, и отказывать в продаже при отсутствии такого документа или сомнениях в его подлинности. Региональные ограничения: регионы могут устанавливать дополнительные ограничения на продажу энергетиков, включая время и места продажи, а также запрет на продажу в определенных зданиях и помещениях. Контроль и ответственность: соблюдение запрета контролируется уполномоченными органами субъектов Российской Федерации.

Цель закона: Защитить здоровье несовершеннолетних от вредного воздействия безалкогольных энергетических напитков. Перечень документов: правительство Российской Федерации определяет перечень документов, подтверждающих возраст. Места ограничений: регионы могут запретить продажу энергетиков в образовательных, медицинских, культурных и спортивных учреждениях, а также в местах проведения массовых мероприятий. Штрафы: за нарушение запрета на продажу энергетиков несовершеннолетним предусмотрены штрафы. В целом, закон направлен на ограничение доступности энергетических напитков для детей и подростков, чтобы минимизировать риски для их здоровья.

Статья 14.16.1. Нарушение запрета продажи безалкогольных тонизирующих напитков (в том числе энергетических) несовершеннолетним. Продажа несовершеннолетнему безалкогольного тонизирующего напитка (в то числе энергетического) влечет наложение административного штрафа на граждан в размере от тридцати тысяч до пятидесяти тысяч рублей; на должностных лиц - от ста тысяч до двухсот тысяч рублей; на юридических лиц - от трехсот тысяч до пятисот тысяч рублей.»;

Статья 23.50.1. Органы исполнительной власти субъектов Российской Федерации, осуществляющие региональный государственный контроль (надзор) в области продажи безалкогольных тонизирующих напитков (в том числе энергетических) рассматривают дела об административных правонарушениях, предусмотренных статьей 14.16.1 настоящего Кодекса.

**М. З. Гусейнов,**
**врио начальника ОМВД**
**по Гумбетовскому району**
**майор внутренней службы**

РИТМ ГУМБЕТА

# 62 тысячи дагестанских абонентов получили электронные квитанции

**В июле месяце поставщик газа в Дагестане «Газпром межрегионгаз Махачкала» обеспечил доставку 62 664 электронных квитанций абонентам, указали адреса своей электронной почты.**




Электронная квитанция:

– всегда вовремя приходит на электронную почту;

– квитанцию можно хранить на любом электронном устройстве и при необходимости в любой момент распечатать, она всегда под рукой;

– квитанция не теряется (при сортировке или доставке, не вываливается из почтового ящика и ее не сорвут с двери);

– данные потребителя не видят посторонние лица;

– квитанция содержит встроенный модуль оплаты и, что немаловажно, без комиссии агента по приему платежей;

– на квитанции размещена важная для абонента информация (адрес абонентского участка, сайт поставщика и проч.).

Экологическая польза от сокращения количества бумаги на производство квитанций очевидна.

Важно: получив квитанцию рассчитывать за газ до 10 числа каждого месяца и не накапливать задолженность.

По-прежнему среди дагестанских потребителей газа пользуется популярностью




«Личный кабинет абонента», а также мобильные приложения «МойГаз» (в AppStore – «ГазОнлайн»), благодаря которым нет необходимости приезжать в кассу, стоять в очередях, тратить личное время на дорогу. Через «Личный кабинет абонента» легко оплачивать за несколько квартир, за дома расположенные в селах и за дачи, а также за родителей и пожилых родственников.

**ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала»**

РИТМ ГУМБЕТА

# Что делать при атаке беспилотных летательных аппаратов

**В связи с участившимися случаями диверсионно-террористических актов с использованием беспилотных летательных аппаратов, ракетных ударов на территории Российской Федерации и в целях организации выполнения мероприятий по гражданской обороне (укрытие населения) в Республике Дагестан организованы и проводятся занятия по защите населения при поступлении сигналов**




**«Объявлена опасность атаки беспилотного летательного аппарата» и «Ракетная опасность».**

Эти занятия направлены на повышение уровня готовности населения к возможным чрезвычайным ситуациям и обучение правильным действиям для сохранения жизни и здоровья.

**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор:
ХIамзат МухIамадович Гизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МегъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь:
Зугьра ГIабдулкъадирова

Корреспондентал:
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъорк
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.